

Vaksinasyon pou timoun:

pa rate li!

VERIFIE SI PITIT OU YO AJOU

Vaksen yo pi efikas lè yo bay yo a lè! Pran randevou pou chak nan 5 moman ki nan kalandriye vaksinasyon an, pou asire w pitit ou a jwennpi bon pwoteksyon posib.

Si laj pitit ou a depase laj yo rekòmande a, pran randevou kanmenm pou w ka ratrape vaksen li manke yo. Yon pwofesyonèl lasante ka ba w konsèy pandan randevou w la.



VAKSEN	2 mwa	4 mwa	12 mwa	18 mwa	4 pou rive 6 lane
Difteri-koklich-epatit B-polyoHib	•	•	• (san hepatitis B)		
Nemokòk	•	•	•		
Wotaviris	•	•			
Menenjit C				•	
Lawoujòl-ribeyòl-malmouton-varisèl			•	•	
Difteri-koklich- tetanòs-polyo					•
Epatit A-epatit				•	

Sous: MSSS 2021. pwotokòl iminizasyon nan Kebèk (PIQ).

LÒT VAKSEN KIREKÒMANDE DAPRÈ ETA SANTE W

Si pitit ou a ap souffri ak yon maladi kwonik, yon pwoblèm kè oswa li iminodepresif, li rekòmande pou yo ba l vaksen COVID-19 ak vaksen kont grip, apati 6 mwa.

Pou plis enfòmasyon → [Québec.ca/COVIDvaccine](https://quebec.ca/COVIDvaccine) | [Québec.ca/vaccingrippe](https://quebec.ca/vaccingrippe)



KONSÈY AK ASTIS POU W REZÈVE YON RANDEVOU

- Vin avèk kat vaksen pitit ou a nan tout randevou medikal yo. Pwofesyonèl lasante a ka verifye si vaksen pitit ou a ajou.
- Aprè randevou vaksinasyon an, touswit pran randevou ki vin aprè a, anvan ou kite CLSC a. Asire w ou make l nan kalandriye pèsònèl ou.
- Si li pa posib pou pran yon randevou touswit, ajoute yon rapèl nan kalandriye w yon mwa anvan peryòd yo bay la pou w pa bliye rele CLSC a.

- Sere kat vaksen pitit ou a nan yon kote ki ansekirite, yon kote ou ka jwen li fasilman lè ou bezwen li. Èske ou panse fè yon kopi lè ou pran yon foto l oswa eskànè li?



REZÈVE YON RANDEVOU NAN CLSC KI PI PRE LAKAY OU A.



KIJAN POU VERIFYE KAT VAKSEN PITIT OU A

- 1** Kat vaksen pitit ou a gen yon tablo ki prezante chak vaksen yo rekòmande an fonksyon laj li (gade egzanzp anlè a). Epi, kat vaksen an separe an seksyon pou chak maladi ki gen yon vaksen kirekòmande.
- 2** Konpare vaksen ki nan diferan seksyon yo ak vaksen ki nan kat vaksen an ansanm ak kantite dòz yo endike nan kalandriye a.

- 3** Si ou konstate pitit ou a pa ajoupou tout vaksen yo rekòmande pou trançh laj li a, pranrandevou nan CLSC ki pi pre lakay ou a.

Si pitit ou pa t pran vaksen Québec, di yon pwofesyonèl lasante sa a. Pwofesyonèl la ka idantifye vaksen ki nesèsè pou konplete pwoteksyon pitit ou a.



Si kat vaksen pitit ou a pèdi, ou kapab mande yon kopi lis vaksen pitit ou a pran deja yo (eskànè kòd QR la pou ka gen aksè ak konsiy yo an liy).



KESYON AK SIPÒ

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksinasyon nan men yon doktè oswa yon pwofesyonèl lasante, rele nan 811.